# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ХАЛЫҚ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРИНИҢ БУЙРЫҒЫ

**PISA-2021 халықаралық баҳалаў шеңбериндеги тәжирийбе-сынаўдағы 21 улыўма билим бериў мектеплеринде таярлық көриў ҳәм олардың материаллық-техникалық базасын беккемлеў ҳаққында**

Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2018-жыл 8-декабрьдеги «Халық билимлендириў системасында билим сыпатын баҳалаў системасындағы халықаралық тәжирийбелерди шөлкемлестириў ис-илажлары ҳаққында»ғы
997-санлы қарары ҳәм Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинети жанындағы Билимлендириў сыпатын қадағалаў мәмлекетлик инспекциясының 2021-жыл 10-февральдағы 01-88-санлы хатында белгиленген ўазыйпаларды орынлаў мақсетинде буйыраман:

1. PISA халықаралық баҳалаў шеңбериндеги тәжирийбе-сынаў процессинде Қарақалпақстан Республикасынан 21 улыўма билим бериў мектеплери таңлап алынғанлығы (Кегейли районы 8-, 19-, Нөкис районы 1-, 21-, Нөкис қаласы 18-, 24-, 25-, 28-, 29-, 35-, 39-, 42-, 47-, Шымбай районы 14-, 17-, 36-, Қанлыкөл районы 2-, Шоманай районы 1-, Тахтакөпир районы 3-, Қараөзек районы 23-санлы мектеплер ҳәмде И.Юсупов атындағы мектеп интернаты келисими менен);

- Халықаралық тәжирийбе-сынаў кестесине муўапық, усы тәжирийбе-сынаўдағы баҳалаў 2021-жыл 6-апрельден 17-май аралығында өткерилиўи режелестирилгенлиги, онда 15 жас 3 айлықтан 16 жас 2 айға толған (2005-жыл 1-февралдан 2006-жыл 31-январьға шекемги мүддет аралығында туўылған) 7 ҳәм оннан жоқары класста оқып атырған оқыўшылардың қатнасыўы мағлыўмат ушын қабыл етилсин.

2. **Министрликтиң билим сыпаты мониторинги бөлимине:**

- сынаў ушын керекли мағлыўматларды туўры, сыпатлы таярлаў;
- процессти PISA стандартларына муўапық әдил шөлкемлестирилиўин тәмийинлеў;
- усы буйрықты 2 күн мүддетте барлық билимлендириў мәкемелерине жеткериў ўазыйпалары тапсырылсын.

3. **Министрликтиң ХКТ енгизиў ҳәм раўажландырыў бөлимине:**

- таңлап алынған мектеплерде компьютерлердиң техникалық жағдайын көрип шығыў ҳәм заманагөй компьютер техникалары менен тәмийинлеў илажларын көриў ўазыйпасы тапсырылсын.

4. **Нөкис қалалық ҳәм Кегейли, Қанлыкөл, Шымбай, Қараөзек, Шоманай, Тахтакөпир, Нөкис районлық халық билимлендириў бөлимлери баслықларына:**

- тәжирийбе-сынаўды өткериў ушын үлкен, жақтылы ханалар ажыратыў ҳәм оларды үскенелеў;
- оқыў процессине кери тәсир етпеўи ушын тәжирийбе-сынаў дәўиринде сабақ кестелерин муўапықластырыў;
- таңлап алынған мектеплердеги 15 жаслы оқыўшылар ҳәрекетин (басқа мектеплерге (ден) оқыўды көшириў) тәжирийбе-сынаў өткенге шекем, иләжы болғанша ўақытыншалық тоқтатып турыў (айрықша жағдайлардан басқа);
- тәжирийбе-сынаў режелестирилгенлиги ҳаққында 15 жаслы оқыўшылардың ата-аналарын яки олардың орнын басыўшы шахсларды хабардар етиў;
- таңланған мектеп директорлары ҳәм координаторлардың жуўапкершилигин еледе асырыў ҳәм олардың Миллий орай менен биргеликте шөлкемлестирилетуғын видеосеминарларға қатнасыўын тәмийинлеў;
- таңланған мектеплерде тәжирийбе-сынаў дәўиринде электр-энергиясы ҳәм интернет байланысларының үзликсизлигин тәмийинлеў илажларын көриў;
- әсиресе тәжирийбе-сынаў ушын оқыўларды айрықша таярлаўға бағдарламаў;
- PISA халықаралық изертлеўлерде қатнасыў талаплары бойынша, тәжирийбе-сынаў ушын таңлап алынған ҳәр бир мектеп кеминде 60 дана заманагөй компьютерлер ҳәм калькуляторлар менен тәмийинлеў ҳәмде кеминде 1 дана компьютер интернет (халықаралық) тармағына жалғаў;
- таңлап алынған ҳәр бир мектепти кеминде 60 дана заманагөй компьютерлер менен тәмийинлеў мақсетинде усы мектеплерге жақын жайласқан билимлендириў мәкемелеринен талапқа жуўап беретуғын компьютер техникаларын мәкемелердеги материаллық техникалық базасына жуўапкер хызметкерлери тәрепинен ўақытыншалық (март, апрель, май айлары ушын) пайдаланыў ушын АКТ тийкарында алыс-берис жумысларын әмелге асырыў;
- таңлап алынған ҳәр бир мектепти қаржы бөлимлери менен келисилген ҳалда ямаса бюджеттен тысқары табылған қаржылар есабынан (қәрежетлер сметасы тийкарында) 60 дана калькулятор менен тәмийинлеў илажларын көриў;
- 10 күн мүддетте әмелге асырылған жумыслар ҳаққында жазба мағлыўматты министрликке бериў ўазыйпасы тапсырылсын.

5. Усы буйрықтың орынланыўын қадағалаў министрдиң биринши орынбасары А.Худайбергеновқа жүкленсин.

**Министр** **Р.Реимов**

Нөкис қаласы
«09» февраль 2021-жыл
«39»санлы буйрығы